VOLIM 6 / 17 SEPTANM 2026



HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.



Konsantre sou Kominote a

Mèsi ak tout fanmi ki te vin patisipe nan premye mès Lekòl Dimanch nou an! Nou rekonesan anvè paran yo dèske yo te mennen timoun yo epi yo te vin adore avèk nou.
Make dat la nan kalandriye w: Pwochen mès Lekòl Dimanch nou an ap fèt 11 Oktòb!

EVÈNMAN K AP VINI YO

- **Selebrasyon Eritaj Ispanik**

  24 septanm 2026

  Elèv yo pral ankouraje kamarad klas yo pandan y ap montre talan yo sou sèn!

- **Jou pou kite lekòl bonè**

  2 oktòb ak 9 oktòb 2026

  Chè paran, tanpri note ke sèvis gad apre lekòl pap disponib nan jou sa yo. Tanpri pran dispozisyon ki nesesè pou w vin chèche pitit ou a.

- **Jounen Foto Otòn**

  21 Oktòb 2026

  Tout elèv dwe mete inifòm lekòl la nèt pou Jounen Foto a. Y ap mete foto sa yo nan liv souvni lekòl la (yearbook), kidonk prepare nou pou nou souri epi parèt byen bèl!



N ap selebre Mwa Eritaj Ispanik nan Lekòl Katolik Holy Family! Elèv nou yo ap aprann sou kilti rich, tradisyon, ak kontribisyon kominote Ispanik ak Latino yo, pandan y ap pote lespri selebrasyon an nan tout lakou lekòl la.

Klas yo okipe ap dekore pòt klas yo epi y ap prepare pou espektak espesyal Mwa Eritaj Ispanik la jedi 24 septanm nan. Nou pa ka tann pou nou wè elèv yo pataje sa yo te aprann yo atravè mizik, dans, prezantasyon, ak lòt aktivite ankò, pandan n ap reyini ansanm pou selebre kilti, eritaj, ak kominote a.

Jounen Abiman Espesyal pou Eritaj Ispanik: Jedi 24 septanm nan, elèv yo ka mete rad ki gen koulè peyi yo te asiyen nan klas yo a:

PS2 – Ajantin 🇦🇷
PS3 – Kolonbi 🇨🇴
PS4 – Repiblik Dominikèn 🇩🇴
Jaden Danfan (Kindergarten) – Kiba 🇨🇺
1A – Venezyela 🇻🇪
1B – Ekwatè 🇪🇨
2A – Irigwe 🇺🇾
2B – Ondiras 🇭🇳
3yèm Ane – Paragwe 🇵🇾
4yèm Ane – Chili 🇨🇱
5yèm Ane – Pewou 🇵🇪
6yèm Ane – Gine Ekwatoryal 🇬🇶
7yèm Ane – Meksik 🇲🇽
8yèm Ane – Espay 🇪🇸

Pwogram S.T.A.R.S. Apre Lekòl

Chè paran, tanpri sonje ke ou dwe peye frè pou pwogram "Afterschool STARS" la chak mwa pou pitit ou a ka kontinye patisipe. Li enpòtan pou elèv yo asiste pwogram nan regilyèman; konsa, yo ka devlope konpetans y ap aprann nan aktivite tankou òkès, robotik, dans, teyat, ak lòt ankò.

Yo ka retire elèv ki gen frè pwogram ki poko peye nan pwogram nan. Tanpri pase nan biwo lekòl la pou fè peman chak mwa a epi ede nou pèmèt pitit ou a kontinye aprann, grandi, epi briye nan STARS!



Patisipe!

Èske ou ta renmen patisipe plis nan Holy Family? Nou envite paran ak fanmi yo vin manm PTSO nou an pou ede sipòte elèv, pwofesè, ak kominote lekòl la. 🐝 Tan ou, ide w, ak patisipasyon w ka fè yon diferans!

📞 Rele biwo lekòl la pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w vin manm!



Èske w te pran nouvèl pwofesè pitit ou a?

Bon kominikasyon ant kay ak lekòl ede elèv nou yo reyisi! Nou ankouraje paran yo pou yo kenbe kontak regilye ak pwofesè pitit yo pandan tout ane eskolè a. Fanmi ki gen timoun nan klas K jiska 5yèm ane ta dwe itilize ClassDojo, alòske fanmi ki gen timoun nan lekòl mwayen (Middle School) ta dwe kominike ak pwofesè yo pa imèl.

Èske w te konnen?
Nan ansèyman sosyal Legliz Katolik la, dwa ak responsablite mache men nan men. Nou tout gen dwa fondamantal—tankou dwa pou nou jwenn manje, lojman, edikasyon ak diyite—men nou gen responsablite tou pou nou respekte epi pwoteje menm dwa sa yo pou lòt moun.